# NÓKIS QALASÍ XALQÍNÍŃ TÁBIYIY ÓSIMINDEGI ÓZGESHELIKLER

**Xodjaeva G.A.,**
*Berdaq atındağı QMU Ekonomikalıq hám sociallıq geografiya kafedrası professorı*

**Qalmuratov R.F.,**
*Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti 2-kurs studenti*

**Kasimova A.,**
*Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti 1-kurs studenti*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15170418**

Hár qanday mámlekettiń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı málim dárejede onıń demografiyalıq jağdayına da baylanıslı boladı. Bizge belgili, demografiyalıq processler, sonday-aq, xalıqtıń tábiyiy hám migraciya háreketi qalalıq orınlarda ayrıqsha hám salıstırmalı ózgeriwsheń boladı. Solay bolsa da, qalalardağı demografiyalıq jağday keleshekte awıllıq orınlarda da júz beriwi múmkin.

Xalıqtıń qayta tolısıwında demografiyalıq processler – tuwılıwshılıq, ólimshilik hám tábiyiy ósim kórsetkishleri áhmiyetli orındı iyeleydi. Sebebi, usı processler xalıqtıń udayı ósiwin támiyinlep turıwshı derek bolıp esaplanadı.

Xalıqtıń turmıs táriziniń jaqsılanıwı, ólimshilik dárejesiniń kemeyiwi, xalıqtıń den–sawlığın saqlawdı jaqsı jolğa qoyıw, analıq hám balalıqtı qorğaw boyınsha kóriletuğın ilajlar xalıqtıń qayta tolısıwınıń rawajlanıwın támiyinleydi.

Xalıqtıń udayı kóbeyiwi, yağnıy tuwılıwshılıq, ólimshilik hám tábiyiy ósim kórsetkishleri tiykarında áwladlardıń almasıwı, aymaqlardıń demografiyalıq jağdayınıń tiykarın quraydı. Xalıqtıń udayı kóbeyiwi nátiyjesinde xalıqtıń sanı, jas-jınıs hám shańaraq quramı úziliksiz ózgerip baradı. Bul jağday hár bir aymaqta, mámlekette belgili bir social-ekonomikalıq hám demografiyalıq mashqalalardıń kelip shığıwına sebep boladı. Xalıqtıń udayı kóbeyiw protsessi bolsa óz náwbetinde, bir qansha sociallıq, tábiyiy, demografiyalıq hám ekonomikalıq faktorlar menen baylanıslı ámelge asadı. Sol sebebli, xalıqtıń udayı kóbeyiw protsessi jámiyiet rawajlanıwınıń hár bir basqıshında, belgili nızamlılıqlarğa iye [1].

Xalıqtıń turmıs táriziniń jaqsılanıwı, ólimshilik dárejesiniń kemeyiwi, xalıqtıń den-sawlığın saqlawdı jaqsı jolğa qoyıw, analıq hám balalıqtı qorğaw boyınsha kóriletuğın ilajlar xalıqtıń tábiyiy ósiwiniń rawajlanıwın támiyinleydi.

Nókis qalası ózine tán demografiyalıq jağdayğa iye qala. Onıń demografiyalıq jağdayı xalıqtıń ósip barıwı, tuwılıw, ólim, neke hám ajıralısıw sıyaqlı demografiyalıq protsesslerde kórinedi

Xalıqtıń tábiyiy ósimi tuwılıwshılıq hám ólimshilik ayırmasınan kelip shığadı. Tuwılıwshılıq hám ólimshilik - bul biologiyalıq qubılıslar. Tuwılıwshılıq

kórsetkishleri bul bir qansha faktorlarǵa baylanıslı boladı. Bul faktorlarǵa ólimshilik dárejesi, xalıqtıń turmıs dárejesi, milliy dástúrler h.t.b. mısal bola aladı.

Nókis qalası xalqı tuwılıwshılıǵınıń eń joqarı dárejesi 1990 jıllarǵa tuwrı kelip, usı jıllarǵa hár 1000 adamǵa tuwılıwshılıq 40 adam hám onnan joqarı boldı. Ulıwma Ózbekstannıń usı jıllardaǵı tuwılıshılıq koeffitsentinen bir qansha joqarı boldı. 1990 jıldan keyingi jıllarda tuwılıwshılıq kórsetkishi tómenley basladı. Analizlengen jıllarda eń tómen kórsetkish 2000 jılǵa (17,5 promille, al 2003-jılı 15,8 promillege shekem tómenlegen) tuwra kelip, 1990 jılǵa salıstırǵanda hár 1000 adamǵa 22,5 adam ǵa kem tuwılǵan. Tuwılıwshılıqtıń bunday tómenlewi ekinshi duńya júzlik urıstan keyin baqlanbaǵan edi. 2004-jıldan baslap qala xalqınıń tuwılıwshılıǵı jáne áste aqırınlıq penen artıp barıp 2023-jılı 20,7 promillege jetti, yaǵnıy 2007-jıldaǵı kórsetkish dárejesine erisildi [3]. Bul 1980-1990 jıllardaǵı júz bergen kóp tuwılıwshılıq penen baylanıslı tolqın sıyaqlı ózgeris bolıp esaplanadı (1-keste).

1-keste

**Nókis qalası xalqınıń tábiyiy ósim koeffitsienti**

| Jıllar | Tuwılıw-shılıq | Ólimshilik | | Tábiyiy ósim |
|---|---|---|---|---|
| | | ulıwma ólimshilik | 1 jasqa shekemgi ólimshilik | |
| 1990 | 40,0 | 6,8 | 263 | 33,2 |
| 2000 | 17,5 | 5,4 | 235 | 12,1 |
| 2005 | 18,3 | 5,8 | 125 | 12,5 |
| 2010 | 22,8 | 5,1 | 105 | 17,7 |
| 2015 | 21,3 | 4,6 | 125 | 16,7 |
| 2016 | 21,7 | 4,5 | 141 | 17,2 |
| 2017 | 17,8 | 4,7 | 168 | 13,1 |
| 2018 | 18,1 | 4,4 | 118 | 13,7 |
| 2019 | 18,3 | 4,4 | 85 | 13,9 |
| 2020 | 18,5 | 5,1 | 141 | 17,2 |
| 2021 | 19,1 | 4,3 | 124 | 14,8 |
| 2022 | 20,7 | 5,1 | 133 | 15,6 |
| 2023 | 20,7 | 4,9 | 168 | 15,8 |

**Keste Nókis qalasınıń social-ekonomikalıq pasportı maǵlıwmatları tiykarında dúzilgen.**




**1-súwret. Nókis qalası xalqınıń tábiyiy háreketi**

Tuwılıwshılıqtıń qısqarıp barıwı tiykarınan hayallardıń bilim dárejesi hám sociallıq islep shıǵarıwda bántlik dárejesiniń artıp barıwı, shańaraqlardıń kóp balalı bolıwǵa talabınıń kemeyiwi, júkliliktiń aldın alıwshı meditsinalıq qurallar hám olar haqqında xalıqtıń bilim sheńberiniń keńeyip barıwı menen baylanıslı.

Hár bir mámleket xalqınıń tábiyiy kóbeyiwi, social-demografiyalıq toparlardıń júzege keliwi xalıqtıń ólimshiligi menen tıǵız baylanıslı.

Bizge málim bolǵanınday ólimshilik júdá kóp biologiyalıq hám sociallıq faktorlardıń nátiyjesinde júz beredi. Olardı eki toparǵa ajıratsa boladı: 1) endogen faktorlarǵa, adamnıń ishki organizminiń rawajlanıwı menen baylanıslı bolǵan faktorlar kiredi; 2) ekzogen faktorlardı sırtqı ortalıq penen baylanıslı bolǵan faktorlar quraydı.

Endogen faktorlar tásirinde ólimshilik jaǵdayları insan organizmi rawajlanıwdan toqtaǵan dáwirlerde, tiykarınan xalıqtıń kekselik toparında kóbirek ushırasadı. Xalıqtıń jas topari, jas áwladları arasında kóbinese sırtqı ortalıq tásirinde, yaǵnıy xalıqtıń arasında hár qıylı keselliklerdiń tarqalıwı, asharshılıq, urıs uqsaǵan hádiyseler menen baylanıslı júz beredi [2].

Ólimshilikke tiykarınan xalıqtıń jas quramı, den-sawlıqtı saqlaw hám sanitariya-epidemiologiyalıq xızmettiń jaǵdayı, xalıqtıń turmıs hám mádeniy dárejesi, adamlardıń jasaw hám miynet islew sharayatı, meditsina jetiskenlikleri hám onıń hámmege teńligi, awırıwlardıń profilaktikası hám taǵı basqa demografiyalıq faktorlar tásir etedi.

Demografiyalıq dereklerden hám statistikalıq maǵlıwmatlarǵa qaray ótmishte Qaraqalpaqstan xalqınıń salamatlıǵı júdá jaman awhalda bolǵan. Xalıq arasında ólimshilik jaǵdayları júdá kóp ushırasqan, ásirese balalar hám analardıń ólimshiligi

joqarı bolǵan. Ólimshilik balalar arasında qansha joqarı bolsa, tuwılıwshılıq ta soǵan baylanıslı joqarı bolatuǵınlıǵı nızamlı qubılıs.

Ólimshiliktiń balalar arasında keskin az bolıwı tuwılıwshılıqtıń az bolıwına alıp keledi. Biraq, bul jerde hár bir xalıqtıń dástúriy hám diniy turmıs saltı da aytarlıqtay rol` oynaydı. Sonday-aq, xalıqtıń mádeniy, ekonomikalıq hám bilim dárejesiniń ósiwi, qalalardıń ósiwi sıyaqlı faktorlardıń da tásiri úlken bolıp esaplanadı [3].

Qala xalqınıń ólimshiligine keletuǵın bolsaq 1990-jılları hár 1000 adamǵa 6,8 adamnan tuwra kelip, bul biz analizlegen jıllardaǵı eń joqarı kórsetkish bolıp, ol 1998-jılı, 5,8 adam, 2000-jılı 5,4 adam, 2023-jılı 4,9 adamǵa shekem kemeygen. Ólimshilik koeffitsienti tuwılıwshılıqqa salıstırǵanda derlik bir tempte páseyip kelgen. Ótmishte Qaraqalpaqstan xalqınıń ólimshiliginiń joqarı dárejede bolıwı kóbinese ekzogen faktorlar menen sıpatlanadı.

Keyingi jıllarda ólimshiliktiń kemeyiwiniń baslı sebepleri, tuwılıwshılıqtıń azayıwı, xalıqtıń turmıs táriziniń ózgergenligi hám den-sawlıqtı saqlawda meditsinalıq járdemlerdiń tuwrı jolǵa qoyılıwı menen baylanıslı.

Keyingi jıllarda, ásirese 2005 jıllardan baslap 1 jasqa shekemgi balalardıń ólimshilik kórsetkishleri páseyip barǵan, 1990-jılı 263 bala ólgen bolsa, 2023-jılı bul kórsetkish 168 balanı quradı. Koeffitsient kórinisinde 2009-jılı hár 1000 tuwılǵan gódekten 20,1 gódek nabıt bolǵan 2023-jılǵa kelip bul kórsetkish jáne páseydi. Bul ekologiyalıq jaǵdaylarǵa baylanıslı analar hám balalar arasında awırıwshılıq túrleriniń kóbeygenligi, genofondtıń ózgergenligi menen xarakterlenedi.

Qalamızdaǵı ólimshiliktiń baslı sebebi Aral teńizi hám onıń átirapındaǵı ekologiyalıq mashqalaǵa hám ishimlik suwdıń pataslanıwı, xalıqtıń den-sawlıǵı, ótiw dáwirindegi ekonomikalıq qıyınshılıqlarǵa baylanıslı bolıp otır. Balalar arasındaǵı ólimshiliktiń ósiw pátin páseytiw ushın analıqtı hám balalıqtı qorǵaw jumısların jánede rawajlandırıw lazım dep oylayman.

Tuwılıwshılıq hám ólimshiliktiń ayırması tábiyiy ósimdi payda etedi. Eger tuwılıwshılıq ólimshilikke qaraǵanda joqarı bolsa, xalıq sanı úzliksiz ósip baradı, al eger kerisinshe bolsa xalıq sanı jıldan jılǵa kemeyip baradı. Biraq soǵan qaramastan, biziń regionımızda tábiyiy ósimniń joqarı bolıwı menen xarakterli bolıp esaplanadı.

Nókis qalasında tábiyiy ósimniń joqarı dárejede bolıwı tuwılıwshılıq koeffitsienti menen baylanıslı. Házirgi kúnde Nókis qalasınıń xalqı tez pát penen óspekte. Xalıqtıń ósiw páti bul qalamız xalqınıń materiallıq hám mádeniy dárejesiniń jıldan-jılǵa jaqsılanıwın kórsetedi. Usıǵan sáykes óndiris kúshleri de tez pát penen óspekte.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. K.Allanazarov, G.Khodjaeva, K.Shields. IMPLICATIONS OF THE LINKS BETWEEN DEMOGRAPHY AND ECOLOGY FOR THE ECONOMY OF THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN. - Karakalpak Scientific Journal, 2021. p.30-40.
2. Г.А.Ходжаева, Е.К.Умаров, К.Ж.Алланазаров. Демографические факторы территориальной организации производства в районах Южного Приаралья. Актуальные проблемы современной …, 2003. 151-153 стр.
3. Ходжаева Г., Нуранов М. Город в пустыне. Республика илмий амалий анжумани материаллари, Бухара 1-май 2010. 91-94 б.